



Nouvo Dirijan yo, Boston Public Schools

SY 21-22



Raquel Martinez se direktris fyè pa enterim nan Snowden International School.

- Bileng nan anglè ak espanyòl.
- Lisansye nan Atizay nan Saint Joseph's College nan Brooklyn, NY nan Ansèyman Segondè; Metriz Atizay nan Queens College nan Literati Anglè; ak Metriz nan Edikasyon nan Harvard Graduate School of Education.
- Li t'ap travay antan ke yon pwofesè ELA pandan plis pase dis zan nan lekòl piblik, prive, chat, ak entènasyonal nan nivo primè, segondè, ak inivèsite.
- Angaje pou ede edikatè yo ekspoze regilyèman elèv yo ak kourikouloun nivo klas yo merite.



Raquel Martinez

**Candice Whitmore se yon Direktris ki fyè nan
*Nathan Hale Elementary School.***

- Manm ekip ekite distri Watertown epi te inisye lansman Paran Konsèy Konsiltatif Moun Koulè (Parents of Color Advisory Council) ak Konsèy Divèsite Paran lekòl la.
- Li genyen yon Metriz nan Syans nan Lidèchip Edikatif ak Analiz Politik nan University of Wisconsin, Madison; Metriz ak Lisans nan Middle Tennessee State University, Murfreesboro, Tenn
- Yon lidè pedagojik ki gen talan ki plase elèv yo nan sant lan, aplike ekspètiz li nan dizay inivèsèl ki kiltirèlman pètinan pou aprantisaj, ki konvenk ke tout timoun yo kapab reyisi.



Candice Whitmore

Doktè Sidney L. Brown se yon Direktris ki fyè nan School Madison Park Technical Vocational High School.

- Ansyen Pwofesè ak Kowòdonatè Achèvmman Pwogram Lidèchip Pedagojik nan Alabama State University and Auburn University.
- Li te syeje nan konsèy editoryal Asosyasyon Ameriken nan Asosyasyon Sirentandan Lekòl yo (American Association of School Superintendents Associations, AASA) Jounal Bous ak Pratik.
- Direktè redrèsman twa lekòl segondè
- Te syeje nan plizyè konsèy administrasyon tankou Southern Regional Conference of Educational Administration (SRCEA)
- Te gradye nan Tuskegee University epi te resevwa yon Doktora nan Iowa State University.



Sidney Brown

Marvin Gutierrez se yon Direktè ki fyè nan Timilty Middle School

- Gradye nan John D. O'Bryant.
- Bileng nan Espanyòl.
- Ansyen direktè depatman matematik epi angaje nan devlopman pwogram etid.
- Yon ansyen elèv Worcester Polytechnic Institute avèk yon Metriz nan Syans ki se nan Syans ak Teknoloji Aprantisaj, Boston University avèk yon Metriz nan Edikasyon avèk yon konsantrasyon nan syans edikasyon, ak University of Rhode Island avèk yon Lisans nan Atizay nan Matematik ak ansèyman segondè.
- Te fini Akademi Lidèchip Commonwealth



Marvin Gutierrez

Gavin Smith se Direktè fyè Boston Latin Academy.

- 10 an eksperyans nan ale nan Ivy Street School, yon lekòl pou elèv k'ap souffri Twomatism Kranyen, Direktè Adjwen nan Fenway High School epi Chèchè Prensipal nan Boston Latin School.
- Yon manm Konsèy Administratif òganizasyon a bi non-likratif tankou Journal for Emerging Investigators, Minds Matter, Boston and Summer Search.
- Oparavan, li te yon Chèchè Prensipal nan Lynch, manm Ekip Lidèchip Pedagojik, ak nan Komite Konsiltatif Prensipal DESE.
- Gavin se yon ansyen elèv nan Northeastern University, Simmons University, ak Boston College.



Gavin Smith

Sonie Felix se yon Direktè Lekòl ki fyè nan Akademi Kominote a.

- Li bileng nan anglè ak kreyòl ayisyen.
- Li te gen yon degre lisans nan Pine Manor College ak yon metriz nan Simmons College.
- Li orijinalman soti Ayiti epi gen anpil ane eksperyans nan kominote BPS la.
- Syeje antan ke Direktè pa enterim pwogram Diploma Plus nan Charlestown High School ane lekòl pase sa.
- Li pasyone pou travay li nan domèn edikasyon epi fòse pou li inifòmize "tèren jwèt" la pou tout elèv k'ap antre nan kominote lekòl li a.



Sonie Felix

Michelle Simon se Direktè ki fyè nan Grew Elementary.

- Avan sa, se te yon chèchè prensipal nan Josiah Quincy epi t'ap travay pou trete pwoblèm aksè ak ekite patikilyèman pou Elèv ak fanmi Nwa ak Latino yo.
- Yon rezidan long dat Boston epi te travay nan ansèyman piblik pandan plis pase 12 ane, ki enkli 8 ane nan Boston Public Schools.
- Nan Mozart, te dirije divès ekip nivo lekòl pou konstui pratik nan CLSP.
- Li te fini etid premye sikl li yo nan Inivèsite Emmanuel kote li te espesyalize nan Administrasyon Antrepriz.
- Li te fè yon Metriz nan Edikasyon nan University of Massachusetts Boston, epi te fini etid li yo nan lidèchip ak ekite edikatif nan Lynch Leadership Academy nan Boston College School of Education.



Michelle Simon

Ondrea Johnston se Direktris Lekòl Pilòt BCLA-McCormack 7-12 ki nouvelman fizyone.

- Animasyon yon kou jistis sosyal nan matematik pou edikatè BPS yo ak atelye sou tèm jistis sosyal nan Enstiti Lete Anseyan BPS (BPS Teacher Summer Institute) yo.
- Te travay nan ansèyman piblik pandan plis pase 17 an, ki genyen ladan l yon vas eksperyans travay nan Boston Public Schools yo.
- Titilè de yon Lisans nan Syans nan Matematik ak yon Lisans nan Atizay nan Ansèyman Segondè nan Vanderbilt University. Li genyen yon Metriz nan Atizay nan Matematik Harvard University ak yon Sètifika Etid Siperyè Avanse nan Administrasyon Edikasyon nan University of Massachusetts Boston.
- Manm fyè WEOC (Fanm Edikatriis moun Koulè), Cohort IV).
- Aktyèlman l'ap travay avèk edikatè BPS yo gras ak konpetans nan lidèchip nesèsè pou fini pwogram lisans PAL la pou Pwogram Lisans PAL POU prinsipal/AP.



Ondrea A. Johnston

Hải Sơn se yon Direktè ki fyè nan Mather Elementary School.

- Bileng nan vyetnamyen
- Gradye nan Holland Elementary ak Boston Latin School.
- Te travay nan ansèyman piblik pandan plis pase 10 an, ki genyen ladan l yon vas eksperyans travay nan BPS.
- Avan sa li te syeje antan ke Direktè Adjwen Frederick Pilot Middle School, yon wol li te genyen tou nan McCormack Middle School.
- Li genyen yon B.A. nan Ekonomik Kantitatif ak Etid Anviwònmanal nan Tufts University epi te genyen Ed.M. li nan Lidèchip Eskolè nan Harvard Graduate School of Education.



Hải Sơn

Lauren Murdock se Direktris pa enterim ki fyè nan Lekòl Pilòt Orchard Gardens K-8.

- Avan sa Direktè Lekòl Primè Ansèyman K-5 ak Direktè Adjwen pandan ane lekòl 2020-21 nan Orchard Gardens.
- Yon ansyen elèv nan Harvard Graduate School of Education ak Johns Hopkins University avèk yon Metriz nan Edikasyon nan Lidèchip Eskolè ak Metriz nan Edikasyon nan Ansèyman Primè, respektivman. Li genyen yon Lisans nan Atizay nan Syans Politik nan University of Michigan.
- Yon lidè pedagogik ki gen talan, yon pasyone nan literasi, ak yon defansè Elèv.



Lauren Murdock

Daniel Mckoy se yon Direktè pa enterim nan Kenny Elementary School.

- Diplome nan BPS.
- Kòmanse nan BPS NAN 2013 antan ke yon pwofesè matematik nan klas 8èm ane.
- Syeje antan ke yon Prinsipal Fellow nan pwogram Boston College Lynch Leadership Academy nan Mather Elementary School pandan ane lekòl 2020-21 an.
- Li te fini etid premye sikl li yo nan Gordon College kote li te pran yon Lisans Atizay nan Sosyoloji. Li te fè yon Metriz nan Edikasyon nan Lidèchip nan Edikasyon.
- Li kwè ke tout elèv yo merite resevwa yon edikasyon ki prepare yo pwofondeman pou avni yo epi ki diy de tan yo.
- Te dirije aprantisaj pwofesyonèl sou pratik antirasis yo pou kiltive anplis yon anviwònman aprantisaj akeyan epi ki afime pou elèv Nwa yo ak Latino yo.



Daniel McKoy

Emma Fialka-Feldman se yon Direktris ki fyè nan Roger Clap Elementary.

- Li te anseye nan divès anviwònman elemantè enklizif, te ankadre anseyan aspiran yo nan kad Pwogram Rezidans Anseyan Boston, epi te konsevwa yon pwogram etid nan literasi ak nan matematik ki te bay rezilta ekselan pou elèv li te responsab yo.
- Avan sa li te syeje antan ke direktрис pa enterim nan Roger Clap Elementary School epi se te yon bousye nan Lynch Leadership Academy.
- Li gen yon pwofon angajman anvè enklizyon, jistis sosyal, ak ekite, epi te ekri ak prezante nan echèl nasyonal sou enpotans edikasyon enklizif ak sou fason pou mennen travay sa avèk konpasyon e ekite.
- Te fini etid premye sikl li yo nan Mount Holyoke College kote li te fè lisans li nan Atizay nan Panse Sosyal Kritik epi te fè yon Metriz nan Edikasyon nan University of Massachusetts Boston.



Emma Fialka-Feldman

Michelle Eisan Smith se yon Direktris Lekòl ki fyè nan Horace Mann School pou Moun ki Soud ak Moun ki Gen Difikilte pou Tande.

- Bileng nan anglè ak ASL. Premye Direktè Lekòl Soud an 152 an istwa HMS.
- Senk ane eksperyans nan direksyon ak oryantasyon pedagogik nan departman inivèsité yo, sistèm lekòl piblik yo, ak manm kò pwofesoral ki favorize ekselans òganizasyonèl ak pou elèv yo.
- Avan sa, se te yon Direktè Pwogram Segondè ak Kowòdonatè/Psikològ Travay Sosyal nan Horace Mann School.
- Yon psikològ agreye ki travay avèk moun ki soud ansanm ak fanmi yo depi plis pase 15 an.
- Li te gradye nan Gallaudet University avèk yon Doktora nan Psikoloji Klinik. Li gen yon sètifika pou Analiz Konpòtman Aplike Endicott College.



Michelle Eisan Smith

Natasha Halfkenny se yon Direktè ki fyè nan Tobin K-8.

- Bileng nan Espanyòl
- T'ap travay pou Boston Public Schools depi 18 an epi te syeje nan plizyè kapasite lidèchip.
- Eksperyans nan Edikasyon K-12, Divèsite ak Enklizyon, Literasi, Jesyon Klas, Planifikasyon Kou, ak Jistis Sosyal, Divèsite, Ekite & Enklizyon
- Genyen yon Ed.D. avèk yon konsantrasyon nan Administrasyon Entènasyonal Ansèyman Siperyè nan Northeastern University.
- Avan sa se yon Direktè Ansèyman ak Direktè Pa Enterim nan Lee K-8.
- Angaje pou fòme lòt yo nan yon vizyon anti-defisi pou popilasyon ki pi majinalize yo.



Natasha Halfkenny

Alexandre Chery se yon direktè enterim ki fyè nan Lee Academy.

- Bileng nan kreyòl ayisyen.
- T'ap sèvi antan ke Anseyan Ko-Responsab, Ekip Direksyon Pedagojik, Chèf Ekip nan Nivo Klas, Konseye Sit Lekòl, Animatè Tan Fasilite Pa Anseyan (Teacher Facilitated Time, TFT), Komite Paran-Anseyan.
- Dènyèman, li te jwenn Bous Prensipal li nan Lynch Leadership Academy nan Boston College nan Phineas Bates Elementary School.
- Pou fini etid li nan premye sikl nan University of Massachusetts-Dartmouth epi te resevwa metriz li nan Ansèyman Primè nan University of Massachusetts-Boston.



Alex Chery